

Konsantman Patisipan an pou Pwogram Healthy Beginnings

Pwogram Healthy Beginnings lan gen kontra avèk ajans kominotè ki travay ansanm kòm yon pwogram pou bay timoun ak fanmi ki elijib yo tè depistaj, evalyasyon ak divès sèvis prevansyon ak sèvis entèvasyon bonè.

Konsantman sila a mwen siyen an vle di mwen dakò, epitou timoun minè mwen yo dakò, kit se sa ki gen non yo ekri anba a oswa kit se sa ki vin fèt annapre nan lespas 1 an depi m siyen fòmilè sa a, pou nou patisipe nan yon sistèm pwofesyonèl ki bay sèvis Healthy Beginnings yo ki travay antanke yon sèl pwogram ki konsantre sou akouchman ki an sante, ki pwoteje timoun yo kont abi ak neglijan epi ki prepare yo pou yo antre lekòl tou pare pou yo aprann. Sèvis sistèm yo ka gen ladan yo tè depistaj, evalyasyon, tretman ak referans pou sèvis ki pral ede fanmi m reyalize objektif yo idantifye yo e li ka gen ladan sèvis alavni pou mwen oswa pou timoun minè mwen yo (oswa nou tout).

Mwen byen konprann ke:

- Tout enfòmasyon yo kolekte konsènan mwen menm oswa timoun minè m yo pandan n ap patisipe nan pwogram ak sèvis sa yo pral pwoteje pou yo pa divilge yo ni pou yo pa itilize yo yon fason ki pa apwopriye, jan sa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive a, selon egzijans HIPAA a.
- Sèvis yo ofri atravè Pwogram Healthy Beginnings yo volontè epi mwen gen dwa pou m patisipe nan sèvis yo rekòmande ke mwen jije ki apwopriye yo.
- Mwen gen dwa pou m refize plan sèvis la oswa pou m mande yo chanje manm nan estaf la oswa yon pwofesyonèl ki bay sèvis ke yo deziyen, si gen plis pase yon pwofesyonèl ki bay sèvis, san m pa riske pèdi sèvis yo.
- Mwen gen dwa pou m fè vwa m pase atravè plent, kesyon ak sijesyon mwen genyen epi pou m jwenn yon repons san pèdi tan.
- Mwen gen dwa pou m anile konsantman m, alekri epi sispann patisipe nan sèvis yo nan nenpòt ki moman. (Lè m anile konsantman mwen sa pa pral afekte swen ak tretman m ap resevwa si m deside chache jwenn sèvis alavni.)
- Mwen gen dwa pou m atann aske ajans k ap patisipe yo pral bay bonjan kalite sèvis san diskriminasyon.
- Konsantman sila a mwen siyen an pèmèt ajans k ap patisipe yo pou yo tabli yon dosye pou fanmi an, konsève dosye kliyan yo epi antre enfòmasyon pèsònèl mwen yo nan yon sistèm done pou kliyan. Enfòmasyon yo dwe kolekte yo ka gen ladan: done demografik, rezilta tè depistaj ak evalyasyon, referans pou sèvis yo, plan tretman ak nòt dosye/sou pwogrè yo. Enfòmasyon sa yo pral disponib pou ajans sa yo k ap patisipe e ki ap travay dirèkteman avè m ansanm ak fanmi mwen nan objektif pou planifye epi ban m sèvis.
- Yo ka egzamine dosye fanmi mwen an pou rezon administratif, rezon fiskal, pou evalyasyon, pou verifikasyon; oswa pou asire kalite epi yo ka pataje enfòmasyon pèsònèl mwen yo avèk lòt ajans pou yo evalye enpak pwogram lan. Kèlkeswa rapò ki fèt apatide revizyon sa a pa pral gen enfòmasyon ki idantifye fanmi yo ladan yo.
- Ajans k ap patisipe yo pral konfòme yo avèk lwa leta yo ki oblije pou yo fè rapò si nou sispèk yon timoun ap sibi abi oswa neglijan.

_____ Inisyal mwen demontre ke m te gen opòtinite pou m poze kesyon konsènan Pwogram Healthy Beginnings lan, ke yo te reponn kesyon m yo epi yo te banm *Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive a* pou m li l epi kenbe l.

Aprè m fin revize tout enfòmasyon ki sou fòmilè sila a, m ap fè konnen mwen konsanti pou mwen patisipe epi si sa aplikab, pou timoun minè mwen yo patisipe nan Pwogram Healthy Beginnings lan.

_____ Siyati Patisipan an _____ Non Patisipan an ekri ak Lèt Majiskil _____ Dat

_____ Siyati Adisyonèl Patisipan an _____ Non Adisyonèl Patisipan an ekri ak _____ Dat

Pou timoun minè ki gen pi piti pase 18 lane:

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Non Timoun lan

_____ Siyati Paran/Responsab Legal _____ Non Paran/Responsab Legal ekri ak Lèt Majiskil _____ Dat